



Enfliyenza Avyè

Kisa enfliyenza avyè ye?

Enfliyenza avyè (ki rele souvan grip avyè) se yon maladi moun pran akòz viris yo jwenn sou zwazo sovaj dlo ak sou bèt volay domestik.

Ki diferans ki genyen ant enfliyenza, enfliyenza avyè ak enfliyenza pandemik?

Enfliyenza (ki rele souvan “grip”) se yon maladi moun pran akòz viris enfliyenza. Kèk nan sentòm yo se lafyè, tous, doulè nan mis, maltèt, nen k ap koule, gòg irite ak feblès jeneral. Sentòm sa yo kapab lejè ak modere. Maladi a kapab grav sou moun ki jèn anpil, sou moun ki aje anpil, ak sou moun ki gen lòt pwoblèm medikal.

Zwazo yo kapab gen enfliyenza tou, ki rele enfliyenza avyè. Anjeneral, viris enfliyenza ki afekte zwazo yo (zwazo sovaj ak zwazo domestik) pa afekte moun. Enfliyenza sou zwazo yo pa ka lakòz maladi oswa sentòm lejè, men pafwa yo lakòz lanmò zwazo a.

Enfliyenza pandemik (“grip pandemik”) se yon deklanchman yon nouvo kalite viris enfliyenza nan lemonn. Anjeneral, yon pandemi parèt lè yon viris enfliyenza avyè chanje oswa melanje avèk yon viris enfliyenza imen pou kreye yon nouvo viris. Nouvo viris la kapab simaye fasil ant yon moun ak yon lòt moun. Li kapab lakòz maladi a simaye paske pifò moun kapab vin malad (yo pa gen rezistans kont li).

Ki kalite zwazo ki kapab gen viris zwazo?

Tout zwazo yo kapab gen viris zwazo a. Zwazo ki vwayaje de yon kote ak yon lòt, tankou kannn oswa zwa, kapab gen viris la. Anjeneral, zwazo sa yo pa gen sentòm yo, men yo kapab toujou simaye maladi a. Zwazo domestik yo, tankou poul ak kannn, kapab gen enfliyenza avyè nan kontak dirèk avèk yon saliv zwazo ki enfekte, sekresyon nazal, oswa pou pou.

Èske moun kapab pran grip avyè?

Menmsi li ra, moun kapab vin enfekte avèk enfliyenza avyè. Moun ki te gen kontak dirèk avèk zwazo ki enfekte oswa avèk sifas kontamine (tankou pou pou zwazo oswa sekresyon respiratwa) kapab pran grip avyè. Moun pran pifò enfeksyon yo nan kontak dirèk avèk bèt volay enfekte ki vivan oswa ki mouri.

Èske yon moun kapab transmèt grip avyè ba yon lòt moun?

Li ra pou yo rapòte ka enfliyenza avyè kote yon moun transmèt li ba yon lòt moun. Jiska prezan, moun ki te gen grip avyè pa kapab transmèt li fasil ba lòt moun. Men, paske viris grip avyè kapab chanje yon fason pou yo kapab transmèt pi fasil ant moun yo, Òganizasyon Mondyal Sante [World Health Organization (WHO)] ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control and Prevention (CDC)] kontwòle aktivite grip avyè deprè.

Èske moun gen grip avyè souvan nan Etazini?

Yo rapòte trè raman grip avyè ki lakòz maladi sou moun nan Etazini. Yo fè anpil etap pou pa kite grip avyè simaye nan Etazini. USDA (Depatman Agrikilti Etazini) pa kite yo enpòte bèt volay oswa pwodui abaz bèt volay ki soti nan zòn ki afekte avèk grip avyè. Answit, yo izole tout zwazo vivan oswa zwazo ki te vwayaje nan peyi ki afekte yo pandan 30 jou epi yo teste yo pou detekte grip avyè lè yo retounen nan Etazini. Grip avyè toujou kapab antre nan peyi a akòz zwazo ki vwayaje de yon kote ak yon lòt, zwazo enfekte ki antre ilegalman, oswa yon moun ki enfekte avèk yon viris grip avyè. Siveyans pou maladi pami zwazo yo fèt nan mache zwazo vivan yo, twoupo komèsyal yo, twoupo nan lakou, ak popilasyon zwazo ki vwayaje de yon kote ak yon lòt. Depatman sante yo fè kontwòl pou grip avyè sou moun.

KONTINYE

Ki sentòm ki genyen nan grip avyè?

Sentòm grip avyè ka lejè ak modere. Nan yon enfeksyon lejè, sentòm yo kapab kòmanse nan azoumounou (enfeksyon zye) pou rive nan sentòm jeneral tankou lafyè, tous, gòj irite ak doulè nan mis. Nan yon enfeksyon ki grav, kèk nan sentòm yo se kapab maladi respiratwa (souf kout, difikilte pou respire, ak nemoni), kè plen, doulè abdominal, dyare, vomisman epi pafwa kèk chanjman newolojik (konfizyon, malkadi). Enfeksyon avèk yon viris grip avyè kapab touye moun.

Kijan doktè dekouvri moun gen grip avyè?

Yon tès laboratwa kapab konfime grip avyè. Tanpon doktè a pran nan nen oswa nan gòj pandan premye jou maladi a kapab idantifye yon enfeksyon.

Kijan doktè trete grip avyè?

Gen medikaman ki disponib pou tretman an.

Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen kont grip avyè?

Pi bon fason pou evite pran enfeksyon an se fè etap pou pa vin enfekte kote ka gen grip avyè. Pifò enfeksyon moun pran avèk grip avyè se akòz kontak dirèk oswa kontak toupre avèk bèt volay ki enfekte. Si ou pral pran kontak dirèk avèk bèt volay vivan, lave men ou apre nenpòt kontak. Moun k ap travay avèk twoupo bèt volay vivan itilize ekipman pou pwoteksyon pèsònèl. Moun yo ta dwe evite kontak avèk zwazo sovaj yo epitou yo ta dwe obsève zwazo sovaj yo sèlman adistans. Evite kontak avèk bèt volay ki sanble malad oswa ki mouri. Pa manyen sifas ki sanble kontamine avèk pou pou zwazo sovaj oswa zwazo domestik. Si w ap vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk grip avyè, ou ta dwe evite kontak dirèk avèk bèt volay. Pou jwenn enfòmasyon sou deklanchman grip avyè ak enfòmasyon sou vwayaj, ale sou sitwèb www.cdc.gov/flu.

Tout moun ki gen laj 6 mwa ak plis ta dwe pran vaksen kont enfliyenza sezonye chak ane. Menmsi vaksen kont enfliyenza imen p ap anpeche enfeksyon avèk enfliyenza avyè, li ka anpeche ou vin enfekte avèk viris grip imen ak viris grip avyè anmenmtan.

Èske li bon pou manje bèt volay?

Li bon pou manje bèt volay yo manipile ak kwit kòrèkteman nan Etazini. Sonje pou toujou lave men ou apre ou manyen vyann bèt volay ki kri. Tout vyann bèt volay ak pwodwi abaz vyann bèt volay (tankou ze) ta dwe byen kwit anvan ou manje yo (tanperati entèn san danje pou kwit pou vyann bèt volay se 165°F). Klike [la](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite sanità manje.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou grip avyè, tanpri ale sou sitwèb [FDA](#) oswa sou sitwèb [USDA](#).

